# МИЛЛИЙ ИДЕЯ ҲӘМ РУЎХЫЙЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ, ТАРИЙХ, ФИЛОСОФИЯ

## ПЕДИНСТИТУТТА ФИЛОСОФИЯЛЫҚ ПӘНЛЕР: ТАРИЙХЫ ҲӘМ БҮГИНИ

**Абаев С.**
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик институтының доценти, Қарақалпақстан Республикасына мийнети синген билимлендириў хизметкери*
**Якубов М.**
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиның доценти, Қарақалпақстан Республикасы халық муғаллими*

**Таянч сўзлар:** фалсафий фанлар, пединститутга 90 йил, тарихий воқеа, таълим соҳаси, ректор, проректор, фалсафа факультети, биринчи ректор, илмий-педагогик кадрлар, маҳаллий кадрлар тайёрлаш масаласи, ёшлар, талабалар.
**Ключевые слова:** философские науки, 90-летие педагогического института, историческое событие, сфера образования, ректор, проректор, философский факультет, первый ректор, научно-педагогические кадры, проблема подготовки местных кадров, молодежь, студенты.
**Key words:** philosophical sciences, 90th anniversary of the pedagogical institute, historical event, education sphere, rector, vice-rector, philosophy faculty, first rector, scientific and pedagogical personnel, problem of training local personnel, youth, students.

**РЕЗЮМЕ:**
Ушбу мақолада Ажниёз номидаги Нукус давлат педагогика институтининг 90 йиллиги муносабати билан олиб борилган илмий-тадқиқот ишларининг қисқача мазмуни ва пединститутда фалсафий фанларнинг тарихи ва бугуни ҳақида сўз юритилган.
**РЕЗЮМЕ:**
В данной статье рассмотрены итоги научно-исследовательской работы, проведенной в связи с 90-летием Нукусского государственного педагогического института имени Ажинияза, а также история и современность философских наук в педагогическом институте.
**SUMMARY:**
This article examines the results of research work carried out in connection with the 90th anniversary of the Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz, as well as the history and modernity of philosophical sciences at the pedagogical institute.

**Буннан 90 жыл бурын 1934 жылы Қарақалпақстанда педагогикалық институттың ашылыўы халқымыз турмысында умытылмас**

**уллы тарийхый ўақыя болды.** Бул бир тәрептен журтымызда билимлендириўди, ҳәр қыйлы тараўдағы маман кәнигелерди таярлаў исин жолға қойыўға алып келген болса, екинши тәрептен илим- пәнин раўажланыўына жол ашты. Басқа пәнлер қатары философиялық ҳәм социал- гуманитар билимлер жасларымыз санасына жеткерилип бериле басланды, өз гезегинде пәнлерди оқытатуғын жоқары маманлықтағы жергиликли профессор-оқытыўшылар топары қәлиплестириле басланды. Усы пәнлерди бириншилерден болып Д.Базаров, Е.Дилмухаммедов, С.А. Фишер, А.Пискунов, С.Ф. Медведенко ҳәм басқалар оқытқан, ал тиккелей философиялық мазмундағы сабақлар болса, 1950-жылдан киритилген, оны А.П.Шмачков, А.П.Тетюшев ҳәм басқалар оқытқан.

50ши жыллардын бас гезиннен баслап бул пәнлер бойынша миллий кадрларды таярлаў басланды. 1951-жылы тарийх факультетиниң бир топар питкериўшилери САГУге бир жыллық таярлаў курсына жиберилди. Олардың қатарында сол жылы тарийх факультетин питкерген Т.Изимбетов та бар еди. Ол курсты тамамлап келгеннен кейин философияны қарақалпақ тилинде оқыта баслады Т.Изимбетов Москвадағы жәмийетлик пәнлер Академиясының аспирантурасына кирип, оны табыслы тамамлап, 1962 - жылы Қарақалпақстанда биринши болып философия илимлериниң кандидаты болыўға еристи. 1955 жылы techinституты питкерген Ж.Базарбаев философия бойынша оқытыўшы болып жумысқа алынды. Ж.Базарбаев 1959-жылы ТашГУге аспирантураға жиберилди ҳәм 1963-жылы философия илимлериниң кандидаты, ал 1973-жылы Қарақалпақстанда биринши болып философия илимлериниң докторы болды.

**1962-жылы институтта арнаўлы «Философия кафедрасы» ашылды.** Философия кафедрасына баслық етип Т.Изимбетов сайланды, оның орынбасары етип М. Якубов белгиленди. Солай етип институтта философия пәнинен биринширлерден болып Т. Изимбетов, Ж.Базарбаев, П.Сейтов, М.Б.Бердимуратов, М.Якубов, К.Худайбергенов ҳәм басқалар сабақ оқытты. Дәслептен-ақ, кафедрада сабақ оқытылыўы менен бир қатарда илимий изертлеў жумысларына ҳәм илимий дәрежели илимий-педагогикалық кадрларды таярлаўға итибар берилди.

1960-70-жыллары Т.Изимбетовтиң “Ислам ҳәм ҳәзирги заман» атлы китабы. Ж.Базарбаевтың “Эстетика ҳәм практика” атлы мийнети, үрп-әдет ҳәм дәстүрлер мәселеси анализленген китабы, динтаныў машқалаларын социологиялық изертлеўге бағышланған мийнети “Қарақалпақстан» баспасынан шықты.

Кафедра ағзалары П.Сейтов М.Якубов М.В.Ломоносов атындағы Москва мәмлекетлик университетиниң философия факультетиниң, ал 1962 жылы М. Бердимуратов ТашГУдың аспирантурасына жиберилди. 1964 жылы П. Сейтов «Диалектика категорияларын системаластириўдың объектив тийкарлары ҳаққында» атлы, 1967 жылы М. Якубов «Ойлаўда объектлердың қарсылықларын сәўлелендириў проблемасы ҳәм квантлар физикасы» атлы темада кандидатлық диссертацияларын МГУ дың Илмий Кеңеслеринде қорғап шықты. М.А. Якубов 1967 жылы МГУ дың баспасында «Микродүнья қубылысларының сапалық өзине тәнлиги ҳәм толықтырыўшылық принципи» атлы сол ўақыттағы Аўқам университетлериниң философия факультетилери ушын оқыў қолланба шығарыўға еристи. Оған МГУ дың «Философия» журналының 1967 жыл №3 санында жоқары баҳа берилди. М. Бердимуратов та 1967 жылы кандидатлық диссертациясын жақлап қайтты.

1966 жылы Киев университетиниң философия факультети аспирантурасына Т. Кутымов жиберилди, ол 1972 жылы сол жерде Қарақалпақ интеллигенциясының қәлиплесиў мәселелери бойынша диссертацияны корғады, философия илимлери кандидаты болды. Доцент Т. Қутымов «Қарақалпақстан интеллигенциясының орнаўы ҳәм раўажланыўы, «Қарақалпақстан интеллигенциясының қәлиплесиў мәселесине» атлы мийнетлерди баспадан шығарды.

1966 жылы Т. Изимбетовтың институт ректоры етип тайынланыўына байланыслы философия кафедрасы баслығы болып К. Худайбергенов тайынланды. К. Худайбергенов 1967 жылы қарақалпақ ойшылларының этикалық көз караслары бойынша диссертация қорғап философия илимлериниң кандидаты болды, сол 1967 жылы оның «XIX ҳәм XX әсир бас гезиндеги Қарақалпақ ойшылларының этикалық көз караслары» атлы китабы жарық көрди.

К. Худайбергенов республика мәдений министри болып кеткеннен соң, кафедраға 1967 жылы философия илимлери кандидаты, доцент М.Бердимуратов басшылық етти. 1974 жылы институтқа қайтып келген доцент, Қарақалпақстан Республикасына мийнети синген илим ғайреткери К. Худайбергенов қайтадан кафедра баслығы болып сайланды.

Философия кафедрасының үлкен табысларынан бири өткен әсирдиң 60-80-жылларында философия илиминиң раўажланыўына үлес қосқан илим кандидатларының жетилисип шығыўы болды. Олардын қатарына Д.Сабурова, Ю.Алимбетов, Т.Кутымов, О. Нурлепесов, Р.Сейтназаров, С.Сейтимбетов, С. Мырзамбетов, С. Рейипназаров, П.Гаиповлар киреди.

Сондай-ақ, С.Утегенов, А.Шылманов, Н.Маджитовтай аға оқытыўшылар философия пәнинен жасларға тыянақлы билим берди.

Институттың раўажланыўына сиясий-экономика кафедрасы да салмақлы үлесин қосты. Кафедраға 25 жылдан аслам дәўирде Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларына мийнети синген илим ғайраткери, профессор А.Тажимуратов, соңынан экономика илимлериниң докторы, профессор Х.Бабажанов, экономика илимлериниң кандидаты, доцент А.Абутовлар басшылық етти. Кафедрада сол жыллары илим кандидатларынан Ж.Сапаров, М.Нуратдинов И.Уразимбетов, Х.Шамуратов ҳәм т.б. жемисли мийнет етти.

**1976-жылы педагогикалық институттың базасында халықымыздиң узақ жыллырдан берли әрманы болған университет ашылды.** Академик Ч. Абдиров ректор, профессор Т. Изимбетов оқыў ислери бойынша проректор етип тайынланды. 1991 жылдың ақырындан баслап университет «Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети» деп атала баслады. Усыннан баслап 14 жыл даўамында 1990 жылға шекем пединститут университет пенен бириккен ҳалда алға илгериледи, деп айтсақ дурыс болады. Бул дәўирде философия кафедрасын К.Худайбергенов, Т. Изимбетов, М.Якубов, П.Сейтовлар, ал басқа жәмийетлик-сиясий кафедраларды Ж.Базарбаев, Б.Шамамбетов басқарды. Бул дәўирде бир топар оқытыўшылар философия илимлериниң кандидатлары қатарына қосылды. Олардан Ж. Сагиндыков, Р. Реимбаев, У. Арзуев, F. Жаңабаева ҳәм т.б атап көрсетиў мумкин.

1979 жылдан баслап философия кафедасына баслық етип, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген билимлендириў хизметкери, Қарақалпақстан Республикасы халық муғаллими доцент М. Якубов еки рет сайланды. 1986 жылдан кафедраға доцент П. Сейтов басшылық етти, ол кейин ала философия илимлериниң докторы, профессор, Беруний атындағы мәмлекетлик сыйлық лауераты, Қарақалпақстан Республикасына мийнети синген илим ғайреткери атақларына ийе болды. Ол усы дәўирде 1981 жылы «Философия тарийхына кирисиў» атлы оқыў қолланбасын ҳәм кейин ала басқа мийнетлерин баспадан шығарды.

К.Худайбергеновтың 1990 жылы "Қарақалпақстанда жәмийетлик-сиясий ҳәм философиялық ой-пикирлердин раўажланыўы», 1987 жылы «Бердақтың дүньяға көз-қарасы» атлы мийнетлери басылды, ол 1988 жылы профессор, 1990-жылы философия илимлериниң докторы атағына ийе болды. Профессор К.Худайбергенов биринши болып Қарақалпақстандағы жәмийетлик - сиясий ҳәм философиялық ой- пикирлердиң тарийхын бир

пүтин комплекс изертлеўди баслап берди, ол бердақтаныў илиминиң философияға тийисли бөлиминиң ҳақыйқый жанкүйери еди, бул мәселелер бойынша 60 тан аслам монографиялар, китаплар ҳәм илимий мақалалар жәриялады.

1981 жылы М.Якубовтың "Қарама-қарсылықлардын бирлиги ҳәм гүреси нызамы" атлы мийнети басылды, ол философия бойынша қарақалпақ тилинде басылып шыққан биринши оқыў қолланба еди. Кейин ала оның «Орайлықазиялық Ренессанс ҳәм дүньялық мәденият», "Тәбият нызамлары ҳәм жәмийет нызамлары" атлы ҳәм басқаға мийнетлери басып шығарылды. 1983 жылы доцент Р. Сейтназаровтың дүньяға көзқарас мәселесине арналған илимий мийнети жарық көрди.

Усы жыллары философия кафедрасы талантлы кадрлар менен толықты, олардың қатарына бәринен бурын М.В.Ломоносов атындағы Москва мәмлекетлик университетин питкерген Алима Бердимуратова киреди, ол усы дәўирде Арал бойы экологиялық кризисинин социаллық-сиясий аспекти бойынша илмий жумыс алып барды, философия илимлериниң кандидаты ҳәм докторы болды. Усы проблема бойынша монография ҳәм илимий мақалалар, оқыў қолланбалар жәриялады, ҳәзирги күнде А.Бердимуратова КМУдың социаллык пәнлер кафедрасын үлкен табыслар менен басқарып келмекте.

**1990 жылы университет қурамынан пединститут бөлинип шықты. Ол «Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты» деп аталып, республикамыз ушын педагог кадрларды таярлайтуғын жоқары оқыў орнына айлантырылды**. Бул институттың ректоры етип философ - академик Ж. Базарбаев тайынланды.

1990-жылы институтта философия ҳәм сиясаттаныў кафедралары ашылды. Философия кафедрасына доцент М.Бердимуратов басшылық етти. Усы жыллары философиядан аспирантура ашылып, онда оқыған А.Байриева, А.Муратбаева, Э.Асамадинов, З.Жарлепесова, А.Ембергеновлар академик Ж.Базарбаевтың ал, В. Хайруллаева профессор Ж. Туленовтың басшылығында философия илимлериниң кандидатлары болды. Философия кафедрасына 2000-2006-жыллары философия илимлериниң докторы Бекназар Базарбаев басшылық етти. 2006-2008-жыллары кафедраны Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген билимлендириў хизметкери, доцент Ж.Сағындыков, 2009-2013-жыллары доцент З.Сейтова басқарды. Бул жыллары кафедраның аты "Жәмийетлик пәнлер" кафедрасы деп өзгертилди.

2012-жылы жәмийетлик пәнлер кафедрасының қурамына экономикалық теория кафедрасы қосылды. 2013-2024 жыллары кафедра баслығы болып экономика илимлериниң кандидаты, доцент А.Төребеков, 2015-2016 жыллары философия илимлери кандидаты Е. Асамаддинов, ал 2017-2023 жылларда тарийх илимлериниң докторы, профессор Я. Абдуллаева сайланды. Бул жыллары жарық көрди мийнетлерден Б.Базарбаев ҳәм Р.Сейтназаровтың "Социаллық философия" атлы оқыў колланбасы, Б.Базарбаевтың "Дана басшы-ел ырысы", "Сиясий лидерлик феномени" атлы китапларын атап көрсетиў мүмкин. Кафедрада басылып шыққан илмий мийнетлерден тарийх илимлериниң кандидаты Б. Бекжанованың «Қарақалпақ ҳалқының неке тойы мәресимлери» атлы монографиясын, З. Есназарованың «IX-XII әсирлерде Орайлық Азиядағы философиялық пикирлер ҳәм оның дүнья мәдениятында тутқан орны», «Илимий изертлеў методологиясы» атлы оқыў қолланбаларын атап көрсетиў орынлы. Усы жыллары С.Абаевтың "Ҳүждан еркинлиги ҳаққында сәўбет", "Ислам ҳәм руўхый мәдeният», С.Абаев ҳәм М.Якубовлардың "Демократия ҳәм дин", "Ғәрезсизлик ҳәм ислам» "Руўхый жаңаланыў – келешекке айдын жол», "Терроризм ҳәм диний экстремизм – адамзатқа қәўип», "Авесто - улыўмаинсаный қәдирият", "Диний экстремизм ҳәм терроризмге қарсы гүрестиң мәнаўий-мәрипий тийкарлары", "Мәнаўият ҳәм идеология – күш-қуўат дереги» атлы монография ҳәм окыў қолланбалары басылып шықты.

2019 жылы кафедра оқыўшысы М. Ниязимбетовтың «Моделлестириў ҳәм қурамалылық парадигмасы» атлы китабы басылып шықты, ол 2020 жылы Ташкент Миллий университетинде диссертация қорғап, философия илимлериниң докторы илимий дәрежесине, ал 2024 жылы профессор илимий атақларына ийе болды.

1998- жылы институты "Өзбекстанда демократиялық жәмийет қурыў теориясы ҳәм әмелияты" кафедрасы ашылды ҳәм оған кафедра баслығы етип, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген билимлендириў хызметкери, доцент С.Абаев сайланды. Кафедрада доцент М. Мақсетова, Г. Сапарова, А. Ембергенов, А. Султанов ҳәм т.б. студентлерге тәлим берди.

2001-2002-оқыў жылынан баслап жоқары оқыў системасына "Миллий гәрезсизлик идеясы, ҳуқық ҳәм руўхыйлық тийкарлары" тәлим бағдары киритилди. Усыған басланыслы **2005 жылда института «Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими"** кафедрасы шөлкемлестирилди. Ол 1990-жылы институт қайтадан ашылған ўақытта дүзилген «Сиясаттаныў» кафедрасының базасында қәлиплестирилди. Сол дәўирден баслап кафедраға Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларына

мийнети сиңген илим ғайраткери, академик Ж.Базарбаев басшылық етти. Ол ўақытта кафедрада 12 профессор-оқытыўшы ислеген болса, ҳәзирги күнде 3 илим докторы ҳәм профессор, 13 илим кандидаты, улыўма 25 профессор – оқытыўшы жасларға тыянақлы билим бермекте.

Бул қәнигелик бойынша маман кадрларды таярлаў исине кафедра ағзалары жедел қатнасты, тийисли оқыў-методикалық қуралларды таярланды. Кафедра академик Ж.Базарбаев басшылығында тек факультетте ғана емес, ал институтта идеялық-тәрбиялық ҳәм оқыў- методикалық жумысларды жетилистириўге жедел қатнасып, илимий изертлеў жумысларын шөлкемлестириўде басқа кафедраларға өрнек болып келди, ҳәзирде бул дәстүр даўам етпекте.

Кафедраға 2015-2020 жыллары доцент А.Ембергенов ал, ондан кейинги дәўирде кафедраға доцент Б. Тлеуов басшылық етпекте. Кафедра ағзалары «Пухаралық жәмийет қурыўда руўхый - ағартыўшылық, миллий тәрбия ҳәм ҳуқықый сананың диалектикасы» атлы проблемалық тема бойынша жемисли жумыс алып бармақта. Кафедрада илимий, илимий - методикалық жумысларға айрықша итибар берилмекте, көплеген сабақлық ҳәм қолланбалар басып шығарылды, булар өз нәўбетинде оқытыўдың сапасын ҳәм нәтийжелилигин арттырыўға хызмет етпекте.

Кафедрада бул дәўирде басып шығарылған илимий ҳәм оқыў методикалық мийнетлерден төмендегилерди көрсетиў мумкин. Академик Ж.Базарбаев басшылығында ҳәм авторлығында «Руўхыйлық тийкарлары» атлы оқыў қолланба, “Қәдириятлар – мәнаўият арнасы”, “Адам саўдасы қуллық таңбасы» атамада илимий топламлар басылып шықты. Ж.Базарбаев ҳәм К.Дәулетованың «Әдептаныў», “Одобнома”, “Инабат» атлы сабақлықлары жарық көрди. Ж.Базарбаевтың «Өмир - бул сананың кетериңкилиги”, «Миллий идея – бизин идеямыз”, «Әжинияз шайырдың дүньяға көзқараслары ҳаққында фиософиялық очерк», «Әдеп философиясы», «Даналылығы гөззаллыққа уласқан шайыр», «Руўхыйлығымыз маржанлары ямаса үлгили ел үлкенин қәстерлейди», «Қарақалпақ этнопедагогикасы», «Руўхыйлықтың әдеп- икрамлылық тийкарлары», «Миллий идея - жол көрсетиўши жулдыз» сыяқлы баҳалы монография жәнe сөзликлердиң басылып шығыўы республика мәдений турмысында сезилерли ўақыялар болды. Соңғы жыллары академик Ж.Базарбаев басып шығарған «Руўхыят тийкарлары», «Шаңарақ психологиясы», «Руўхыйлық ҳәм дин», «Этномәдenият», «Ғәрезсизлик ҳәўири», «Әдепнама» атлы мийнетлери студент жаслар ушын көрсетпе қурал сыпатында хызмет етпекте. Ж.Базарбаев, Ғ.Хожаниязов, Р.Базарбаевлардың «Әййемги Окс дә-

рьясының төмениндеги зардуштийлик излери» атлы монографиясы Авестотаныў илимине қосылған үлес екени анық.

Кафедрада әмелге асырылып атырған илимий-изертлеў жумысларының нәтийжеси сыпатында 2020-2024-жыллар аралығында педагогика илимлери бойынша Е.Тилеўовтың, Е.Алламбергеновтың, Қ.Примбетовтың, Н.Орынбетовтың, А.Алланиязовтың, философия илимлери бойынша Г.Сапарованың, Ж.Усенов, Ж.Утегенова, С.Ерназарованың философия докторы (PhD) диссертацияларын жақлаўын атап өтиўимиз мүмкин. Сондай-ақ кафедра ағзалари 2023-2024 жыллары Т.Кудайбергенова профессор, Е.Тилеўов, Г.Сапарова доцент илимий атағын алыўға ерисiти.

Кафедра доценти З. Сейтованың 2023 жылы «Қубла Арал бойы ҳаял-қызларының гендерли өз- өзин интенсификациялаўы» монографиясы баспадан шықты. Ол 2024 жылы «Қубла Арал бойы ҳаял-қызларының гендер теңлигин тәмийнлеўдиң жәмийетлик- мәдений тәреплери» атлы темада диссертация қорғап, социология илимлериниң докторы атағына ийе болды.

2019 жылы кафедра доцент С. Абаев ҳәм доцент М. Якубовлардын «Динтаныў» атлы сабақлығы басылып шықты. Онда динниң мәнис-мазмуны ҳәм тарийхый формалары, исламның тийкарғы дереклери ҳәм тәлийматы, Мавараўннаҳрдан жетилисип шыққан диний алым - уламалардың исламның дүньялық дин сыпатында қәлиплесиўиндеги роли баянланған. Исламның қубла Аралбойы халықлары арасына таралыўы проблемасына, Ҳәким-ата Сулайман Бақырғаныйдың суфийлық философиясын бул аймақта раўажландырғанына, Президентимиз Шавкат Мирзиёев басшылығында әмелге асырылып атырған диний реформаларға айрықша дыққат аўдарылған.

Профессор Т.Кудайбергенова  “Маъмурий ҳуқуқ”, “Руўхыйлық тийкарлары, тәрбия ҳәм ҳуқық тәлимин оқытыў методикасы” (сабақлық), “Орта арнаўлы оқыў орынларда ҳуқуқый тәлим нәтийжелилигин арттырыў жоллары”, “Өзбекстан Республикасы Конституциясын үйрениў», «Пухаралық жәмийети», «Ҳуқықый тәлимниң форма, усыл ҳәм қураллары», «Ҳуқықый тәлимниң дидактикалық тийкарлары”, “Ҳуқуқ пәнлерин оқытыў методикасы” атлы мийнетлериниң басып шығарылыўына еристи.

Доцентлер З.Сейтованың “Экологияның Арал бойы мысалындағы социологиялық аспектлери” сабақлығы, “Идеялар философиясы (аўдарма)” оқыў қолланбасы, А.Ембергеновтың “Социаллық философия” сабақлығы, “Социаллық философия” оқыў қолланбасы, Е.Тилеўовтың “Экологиялық ҳуқық” сабақлығы, “Мийнет ҳуқықы” ҳәм “Юридикалық терминлердиң

түсиндирме сөзлиги" оқыў қолланбалары, Г.Сапарованың "Руўхыйлықты үгит-нәсиятлаў технологиялары" сабақлығы, "Социаллық турмыс ҳәм дин" оқыў қолланбасы, С.Ерназарованың "Қарақалпақ әдебиятында инсан философиясы", "Руўхыйлықтаныў" сабақлығы, "Руўхыйлық ҳәм дин" оқыў қолланбасы, Қ.Примбетовтың "Өзбекстан мәмлекети ҳәм ҳуқықы тарийхы" сабақлығы жарық көрди. А. Муратбаеваның «Миллий идея пәнинен оқыўшылардың өз бетинше жумысларын шөлкемлестириў усыллары», «Компетентлик қатнасықлар билим бериў процессиндеги инновация сыпатында», «Тәбият ҳәм техноген цивилизация эстетикасы», «Эстетиканың заманагөй машқалалары» атлы методикалық қолланбалары студентлерге хызмет етпекте.

Кафедрада илимий - педагогикалық кадрлардың жаңа әўладын таярлаўға айрықша итибар берилмекте. Магистратура қәнигелигин питкерген Ж.Усенов, Ш.Танимов, А.Аметов, Ж.Утегенова, И.Жаксимов, А.Уматов, О.Жолдасбаев, Н.Турсынбаева, Б.Искаков, А.Бекбаулиевалар ҳәзирги ўақытта кафедрада доцент, үлкен оқытыўшы, ассистент оқытыўшы лаўазымларында жумыс ислеп келмекте.

2021-жылдан баслап кафедрада 09.00.04 – Социаллық философия қәнигелиги бойынша таяныш докторантура ҳәрекет етпекте. Бүгинги күнде биринши питкериўши Б.Алланазарова оны питкерип шықты ҳәм докторлық диссертациясын жақлаў алдында турған болса, Р.Арзиев, М.Атамуратова, Б.Қдырбаев, У.Қурбанбаева, П.Қосназарова, М.Абдуллаевлар өз диссертациялар үстинде жумыс алып бармақта.

Сондай-ақ кафедра тәрепинен 2017-жыл "Әдеп-икрамлылық – мәнаўият өзеги", 2020-жыл "Ғәрезсизлик шараятында халқымыздың идеялық тәрбияланыўының актуал мәселелери", 2021-жыл "Идеологиялық процесслердиң глобалласыўы шараятында миллий тәрбияның актуал мәселелери", 2022-жыл "Жаңа Өзбекстан идеясы ҳәм раўажланыў басқышының руўхый-ағартыўшылық, сиясий-ҳуқықый, социаллық-экономикалық мәселелери, жаслардың белсендилигин арттырыў машқалалары", 2023-жыл "Жаңа Өзбекстан идеясы ҳәм раўажланыў басқышының руўхый-ағартыўшылық, сиясий-ҳуқықый, социаллық-экономикалық тийкарлары", "Өзбекстан – 2030" стратегиясында руўхый-ағартыўшылық, сиясий-ҳуқықый, социаллық-экономикалық мәселелердиң актуаллығы" атамаларындағы республикалық илимий-теориялық конференциялар шөлкемлестирилди.

Солай етип, педагогикалық институтта философиялық, социал-экономикалық илимлер заман талабына ылайық раўажланып келип, бир неше

әўладтын сана-сезимин тәрбиялаўға хызмет етти, бүгинги күнде кәмил инсанларды қәлиплестириў ўазыйпасын әмелге асырмақта.

Президентимиз Шавкат Мирзиёев «Жаңа Өзбекстан раўажланыў стратегиясы» атлы китабында жәмийетлик пәнлердиң жасларымыздың дүньяға көзқарасын ҳәм турмыслық мәдениятын қәлиплестириўдеги роли туўралы кең түрде сөз етеди. Президентимиздиң **«... Пухаралық позициясына ийе болған, жәмийет, мәмлекет мәплерин қорғайтуғын, халық турмысындағы өзгерислер ҳәм кең пикирли жаслар әўладын қәлиплестириў ўазыйпасы айрықша әҳмийетли»** екенине дыққат аўдарады. Президентимиз жоқары тәлим бакалавр басқышы ушын, **«Мәденияттаныў»** пәниниң, ал магистрлар ушын **«Кәсип мәдениятыы»** пәнлериниң еңгизилип атырғанын атап көрсеткен. Усының менен бирге китапта бул пәнлерге мүнәсибеттеги кемшиликлер айқын баян етилген, оқыўшылар, бакалаврлар ҳәм магистрантлардың өзине тән өзгешиликлери есапқа алынбай атырғанлығы көрсетилген. Журт басшымыз билим бериў системасының барлық басқышларында жәмийетлик пәнлерди қалай бөлистириў, оқытыў ҳәм әмелият саатларын калай шөлкемлестириўге тийисли **арнаўлы концепцияны** ислеп шығыў зәрүрли талапқа айланғанын айта келип, **«Үзликсиз тәлим бериў системасында жәмийетлик пәнлерди оқытыў тәртиби ҳәм принциплери ҳаққында»** нызам зәрүр екенин көрсетеди. Президентимиз китапта **«пүткил үзликсиз билим бериў системасын ҳуқықый тәрепке салыўға қаратылған тутас Тәлим кодексин ислеп шығыў пайты келди»** дейди, сондай-ақ **«Өзбекстан Республикасының үзликсиз билим бериў ҳәм тәрбия тараўын гуманитарластырыў стратегиясы»** жаратылыўы ҳәм әмелге асырылыўы мақсетке муўапық деп есаплайды.

Елбасшымыз көрсетпелерине ылайық ҳәзирги заман алға қойған талаплар негизинде философиялық пәнлерди оқытыў, илимий изертлеўлерди тереңлестириўге, сабақлық ҳәм оқыў қолланбаларын дөретиўге айырықша итибар бериў бизиң халқымыз алдында миннетимиз ҳәм пухаралық ўазыйпамыз болып табылады.

**Әдебиятлар:**

1. Өзбекстан Республикасының 2022-2026 жылларға мөлшерленген Раўажланыў стратегиясы. 2022 ж.
2. Өзбекстан – 2030” стратегиясы.
3. Өзбекстан Республикасының «Билимлендириў ҳаққында» ғы Нызамы. 2020